



Pou Piblikasyon Imedya: 21/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN NOUVO DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB NAN BROOKLYN

*Premye faz The Fountains lan ofri 332 apatman abòdab epi ki ekonomik pou enèji
pou fanmi ak granmoun ki gen andikap*

*Devlopman an pral finalman gen ladan plis pase 1,100 lojman abòdab sou
ansyen sit Sant Devlopmanal Brooklyn Eta a*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a achèvmán premye faz The Fountains nan Brooklyn, yon konplèks devlopman miltifonksyon 2.7 ekta ki pral finalman ofri 1,163 lojman abòdab. Ansanm, premye de bilding pwojè a ki fini yo gen ladan 332 apatman abòdab ak sèvis sipò pou moun ki gen andikap entèlektyèl ak devlopmanal pou yo kapab viv poukont yo. Devlopman an ap konstwi sou sit ansyen Sant Devlopmanal Brooklyn (Brooklyn Developmental Center) Eta a ki nan Lès New York.

"Nou te pran yon angajman san parèy pou rezoud mank lojman abòdab nan tout kwen New York, men sitou nan Brooklyn, kote difikilte finansye COVID-19 la te lakòz te grav", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Apwòch agresif nou pou konstwi nouvo devlopman tankou The Fountains pral bay kay ki bon kalite, ekonomik pou enèji epi ki bay sèvis sipò pou sila yo ki plis bezwen pandan n ap kontinye reprann nou de kriz sa a."

Angajman Gouvènè a pran pou bay tout Nouyòkè yo aksè a lojman ki sekirize epi nan pri abòdab la refilete nan Plan Lojman (Housing Plan) san presedan 20 milya dola sou senkan Eta a genyen an. Plan an ap fè gen lojman ki aksesib epi konbat pwoblèm sanzabri a gras a konstriksyon oswa prezèvasyon plis pase 100,000 kay ki nan pri abòdab ak 6,000 lojman ki bay sèvis ankadreman.

Devlopman fèt pou bay bon kalite kay abòdab pou fanmi ki gen revni ba yo ak moun ki bezwen sèvis sipò yo, The Fountains fè pati estrateji jeneral Gouvènè a pou relanse kominote yo ak devlope ekonomi an. Depi 2011, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te envesti 2.5 milya dola nan Brooklyn ki te kreye oswa prezève 11,800 lojman abòdab.

Premye faz la gen ladan yon nouvo bilding ki nan 11629 Seaview Avenue ki gen 65 apatman abòdab. Disèt inite pral rezève pou granmoun ki gen andikap entèlektyèl

oswa devlopman ki pral gen aksè ak sèvis sipò konplè sou plas ke Block Institute, Inc. bay. Fanmi sa yo pral resevwa tou sibvansyon lwaye ke Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopman (Office for People with Developmental Disabilities, OPWDD) nan Eta New York bay. Dis inite pral aksesib konplètman ak adapte pou rezidan ki gen pwoblèm mache, tande oswa wè.

Sipòte bilding 23.4 milyon dola Seaview Avenue an ansanm ak yon alokasyon Kredi sou Taks federal ak eta pou Lojman pou Moun ki gen Revni Ba atravè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York. Pwogram Nouvo Konstriksyon Miltifamilyal Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) te bay 158,600 dola pou pwojè sa a epi te bay yon total 152,840 nan avantaj NY-Sun, ki gen ladan 53,120 dola ki sòti nan Avantaj pou Lojman Abòdab Miltifamilyal pou yon sistèm solè 195.48 KW. Bank of America te bay finansman adisyonèl.

Yon lòt bilding, ki sitiye nan 911 Erskine Street, ofri 267 apatman abòdab pou fanmi yo. Swasant sis apatman rezève pou granmoun ki gen andikap entèlektyèl oswa devlopman ki pral resevwa sèvis sipò nan Block Institute ak sibvansyon lwaye atravè OPWDD.

911 Erskine Street te konstwi nan kad pwogram Obligasyon Klimatik (Climate Bond) New York la pou reyalize devlopman lojman abòdab ki gen yon enpak pozitif sou anviwònman an ak klima a. Tou de bilding yo te konsevwa pou satisfè estanda pwogram Bilding Men Wotè (Multifamily High Rise) Energy Star la ak Kominote Vèt (Green Communities) Enterprise la pou atenn maksimòm efikasite pou enèji. Karakteristik efikas pou enèji a gen ladan chodyè kondansasyon ak ponp a chalè ki efikas anpil, aparèy Energy Star yo ak kaptè foto ak kwonomèt yo pral kontwole limyè pa deyò ak sou sit la.

Finansman pou bilding 86.8 milyon dola nan Erskine Street la ansanm ak obligasyon klimatik ki gen egzansyon taks pèmanan, Kredi Taks federal pou Lojman pou Moun ki gen Revni Ba ak sibvansyon ki sòti nan HCR. Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman (Housing Preservation and Development, HPD) Vil New York la te bay finansman anplis.

The Fountains sitiye toupre transpò piblik, Shirley Chisholm State Park, santye bisiklèt yo ak resous nan kominote a tankou boutik episri, pak, lekòl ak lòt etablisman vant an detay.

Pwopriyete Eta ki te dezafekte an, ke yo te achte atravè pwosesis apèl dòf konpetitif Empire State Development lan, se Arker Companies k ap konstwi li. Sou kondisyon lavant yo, Arker Companies te peye 10 milyon dola pou pwopriyete a, ki te posede anvan sa pa Otorite Dòmitya a nan Eta New York. Pwopriyete a te fè pati ansyen Sant Devlopman Brooklyn ke eta ap jere an, ki te fèmen nan ane 2015.

The Fountains konplete inisyativ Vital Brooklyn Gouvènè Cuomo a ki evalye a 1.4 milya dola ki vize ak investi nan uit zòn entegre, sòti nan swen sante pou rive nan lojman, etabli yon nouvo estanda pou rezoud pwoblèm diferans ekonomik kwonik ak rasyal nan kominote ki gen anpil bezwen nan Brooklyn yo. Inisyativ Vital Brooklyn lan pral kreye 4,000 lojman abòdab nan katye Brooklyn Santral yo.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR, te deklare, "The Fountains se yon devlopman anbisye ki konplete efò kontinyèl Gouvènè Cuomo pou pote lojman abòdab ki efikas pou enèji, oryante sou sante nan Brooklyn. 332 lojman ki nan Premye Faz yo pral benefisye sèvis sipò, espas rekreyatif, transpò piblik toupre ak anpil lòt ekipman enpòtan pou fanmi. Lè li fini, The Fountains pral yon lojman nan katye a ki modèn, miltifonksyon epi pou moun ki gen revni miks, avèk plis pase 1,100 kay. Nou remèsye patnè nou yo sou pwojè sa a pou efò eksepsyonèl yo pou fini Premye Faz la epi nou pa ka tann pou selebre achèvmman tout sis bilding yo".

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development lan, Eric Gertler te deklare, "Empire State Development fyè pou fè patenarya ak ajans eta sè nou yo ak sektè prive a pou pote nouvo lavi nan etablisman sa a nan eta a ki pa itilize. Pwojè tankou The Fountains pa sèlman ankouraje opòtinite ekonomik lokal men sèvi tou tankou katalizè pou pi gwo revitalizasyon nan katye yo. Akòz konpetans, ekspètiz ak kreyativite chak patnè, devlopman sa a pral jenere travay, aktivite komèsyal, sèvis nan katye ak avantaj anplis ki pral ede nan misyon nou pou fè avanse New York Forward la".

Komisè OPWDD a, Theodore A. Kastner, te deklare, "New York te fè gwo pa pou ede moun ki gen andikap devlopmanal pou yo ka viv poukont yo nan kominote yo avèk bon sipò a. Nouvo apatman yo nan The Fountains, ki bati sou teren ansyen Sant Devlopmanal Brooklyn nan, montre kijan nou avanse anpil depi epòk nou te konn loje moun ki gen andikap devlopmanal nan etablisman enstitiyonèl yo. Nouvo apatman sa yo pral ede plis pase 80 moun ki gen andikap devlopmanal atenn objektif yo pou jwenn sipò nan kominote y ap viv, travay ak patisipe konplètman".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Pwovizwa Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority), Doreen M. Harris, te deklare, "Ede sitwayen ki pi vilnerab nou yo jwenn aksè ekita ak enèji pwòp ak abòdab se yon priyorite pou pwogram klimatik Gouvènè Cuomo a. Pwojè sa a demontre kijan espas ki pi an sante ak abòdab ke enèji renouvlab yo alimante kapab amelyore kominote yo ak ede redui emisyon nwizib pou jenerasyon Nouyòkè ki gen pou vini yo".

Komisè HPD a Louise Carroll te deklare, "Lè pwojè sis bilding lan fini, fanmi nan Lès New York pral jwenn aksè ak plizyè santèn nouvo lojman abòdab nan yon moman ki kritik anpil. Nan moman sa a, chak nouvo lojman abòdab konte. Pandan n ap fè presyon pou gen plis lojman abòdab, se pwojè tankou sa yo, ki sèvi prensipalman fanmi ki gen revni ba ak moun ki bezwen swen sipò yo, ki ap vini pi enpòtan ke sa te janm ye. Mwen felisite patnè nou yo nan Arker Companies, New York Empire State

Development, ak New York Homes ak Community Renewal Development dèske yo pèmèt devlopman sa rive fèt".

Senatè Roxanne J. Persaud te deklare, "Mwen aplodi anons sou achèvmman premye faz la nan 'The Fountains' ki pote lojman abòdab pou rezidan yo nan Distri Senatoryal mwen an. Pwojè ki te nesesè ak espere anpil sa a, espesyalman kounye a pandan tan san parèy sa yo, se yon ajou anplis pou sikonskripsyon mwen an kote opsyon lojman abòdab yo enpòtan pou Nouyòkè yo ak fanmi yo. Nouyòkè yo merite jwenn yon plas yo kapab rele lakay yo ak fyète epi mwen felisite patenarya prive/piblik ant Arker Companies, Empire State Development ak Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote dèske yo rive pèmèt premye faz sa a reyalize ak siksè epi ap efòse pou amelyore lavi rezidan nan Sidès Brooklyn yo".

Prezidan Minisipalite Brooklyn a, Eric Adams, te deklare, "Premye faz The Fountains lan pral bay lojman estab ak abòdab pou moun ki plis bezwen li. Mwen te fyè pou bay temwayaj pou sipòte pwojè sa a, nan mete aksan sou nesesite pou priyore sila yo ki gen risk pou deplase nan Lès New York ak zòn Brownsville yo. Angajman konplèks pou santre dirabilite ta dwe sèvi tou tankou yon modèl pou devlopman yo nan distri nou an, sitou pandan n ap kontinye fè fas ak efè chanjman klimatik yo. Mwen remèsye patnè nou yo nan Vil la ak Eta a dèske yo pèmèt sa tounen yon reyalite, epi mwen pa ka tann pou selebre ouvèti pwochen faz yo byento".

Scott L. Barkin, PhD, Direktè Egzekitif Block Institute, te deklare, "Kay yo ki kreye nan premye faz pwojè lojman The Fountains lan sèvi tankou rapèl pou fè nou sonje kijan difikilte yo tounen opòtinite. Nan Block Institute, nou devwe pou amelyore kalite lavi pou moun ak fanmi moun ki gen andikap entèlektyèl ak devlopman, epi jodi a nou kapab pran yon tan pou selebre nan ede plis Nouyòkè atravè nouvo pwojè sa a. Block Institute fyè pou patisipe ak Arker Companies, Eta New York ak Vil New York pou ofri lojman ak sipò bay moun ki pral asire yo gen lavi ki pi endepandan ak enklizif. Se kote lespwa ak rèv yo tounen reyalite".

Alex Arker, Direktè Arker Companies, te deklare, "Pandan moman difisil san eksplikasyon sa yo, moun yo ap chèche jwenn yon plas pou viv ke yo kapab rele lakay. Arker Companies rekonesan ke Eta a ak Vil la te travay avèk nou pou finalize ak ouvri The Fountains pou nou te ka kòmanse deplase fanmi yo pou ale nan nouvo devlopman sa a ak ede kèk Nouyòkè sòti. Se apèn premye de nan sis bilding yo, epi nou pa ka tann pou selebre plis fanmi k ap deplase vini isit la nan mwa k ap vini yo. Lojman estab ak abòdab enpòtan anpil, sitou pandan moman difisil sa a, men sa enpòtan pou nou fè presyon pou gen plis lojman abòdab pou tout Nouyòkè kapab gen yon plas pou rele lakay".

Chèf Egzekitif Mache Rejyon Nò, Todd Gomez, Community Development Banking Group nan Bank of America, te deklare "The Fountains se prèv tanjib gwo enpak lojman abòdab ak sipò kapab genyen sou rezidan ak katye yo nan Lès New York ak nan tout Vil la. Vizyon ak angajman Arker Companies pou devlopman plizyè faz sa a pral kreye opòtinite lojman ki nesesè anpil pou rezidan yo pandan y ap

kontribiye pou kominote Lès New York k ap grandi, ki dinamik. Nou kontan ke 70 milyon dola nan prè konstriksyon Bank of America a ak 57 milyon dola nan envestisman kapital kredi sou taks la te ka ede sipòte premye faz The Fountains lan, epi nou pa ka tann pou wè achèvmman faz pi devan yo nan patenarya ak ekip Arker ak esponnsò sektè piblik pwojè a".

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)